



Rapò Konsèy la
9 Out 2024

EKSELANS, EKITE AK ENKLIZYON

Kominikasyon

Lyen Rapid

- BMHS ak NHS Òganize Pwogram Tranzisyon pou Etidyan Premye Ane
- NPS Konplete Faz 2 nan Sibvansyon Defi Karyè Z la pou Ogmante Devlopman Mendèv la

Xerox Bay NPS Sak pou Do



Nou di Xerox mèsi pou bèl don sa li fè ak 500 sak pou do ki plen ak founiti eskolè! Sak pou do sa yo ap fè l pi fasil pou plizyè nan elèv nou yo retounen lekòl pandan yo konnen yo genyen zouti pou yo reyisi nan klas yo.

Nou apresye Direktè Jeneral la Steve Bandrowczak ak Chèf Operasyon an John Bruno k ap sipòte lekòl nou yo ansanm ak anplwaye Xerox ki te pote tèt yo volontè pou plean sak pou do yo nan syèj sosyal yo a isit la nan Norwalk!

Asistan Direktè lekòl la Rob Pennington (nan mitan), Margaret Costa, Direktris Egzekitif Fondasyon Edikasyon Norwalk la (agoch), ak Carol Wiltshire-Toth, Administratris Edikasyon pou Oryantasyon Eskolè ak Devlopman Mendèv (adwat), te aksepte sak pou do yo nan non Lekòl Piblik Norwalk yo nan men Bandrowczak (2e apati bò dwat) ak Yvonne Hickey, Jesyonè Jeneral, Sant pou Ekselans Sektè Piblik nan Xerox (2e apati bò goch) nan dat 7 Out.

Akademi Ete NPS nan Akwaryòm Maritim



Mèsi ak Akwaryòm Maritim nan paske l te òganize Akademi Ete nou an elèv yo ak fanmi yo te ka selebre pwogram fen ane sa a! Elèv yo te ka montre fanmi yo tout bagay yo te aprann pandan ete sa a epi gade tout bèl bagay nan ekspozisyon an.

Gradyasyon Ete NPS



Felisitasyon ak 83 elèv nou yo ki soti nan Brien McMahon High School ak Norwalk High School ki te selebre gradyasyon lekòl segondè yo mwa pase a!

Gradye yo te konplete egzijans diplòm yo lè yo te patisipe pandan ete sa a nan Akademi Aswè ak Vityèl nan distri a, pwogram Ete Akselere Aprantisaj Plizyè Lang nan (MLL), ak Pwogram Rekouvremant Kredi a.

[Klike la a pou li plis konsènan Gradyasyon Ete NPS 2024.](#)

Doktè Estrella Rejwenn Panèl Sante Mantal Jèn yo



Direktris Doktè Alexandra Estrella te kontan rejwenn yon gwoup ekspè ki gen anpil valè nan rejyon an pou diskite sou sijè kritik ki se aksè ak swen sante mantal ansanm ak kriz sante mantal jèn yo nan yon evènman espesyal sou sante mantal ke Silver Hill Hospital te òganize nan dat 24 Jiyè.

Evènman an te genyen tou ansyen Depite Ameriken Patrick J. Kennedy (D-RI), ekriven “Diferan Pwofil Kouraj Sante Mantal,” ki te pote bonjan konpreyansyon li genyen sou sante mantal ak twoub itilizasyon dwòg epi gwo defi bagay sa yo pote nan konvèsasyon an.

Sware Norwalk



Nou te pase yon bèl sware nan Norwalk, CT nan kad Sware Norwalk ke Depatman Lapolis òganize chak ane semèn ki sot pase a. Nou renmen fè pati evènman kominotè enteresan sa yo epi konekte ak fanmi nou deyò lekòl la.

Mèsi ak Direktris Kendall College ak Akademi Karyè a Jennifer Sweeters ansanm ak Rekrite Megan Robinson, ak MSAP Direktè Pwojè "Akselere Ekselans" lan Doktè Victor Black paske l rejwenn nou sou stann nan! Se te yon bèl opòtinite pou yo pale konsènan 50 Plas pou Chwa Lib nou genyen nan lekòl yo ak Akedemi STEAM ponus Ridge la.

Nan Ka Ou Te Rate Li

Poukisa mwen anseye (LIS VIDEYO)



Dat Enpòtan

Mèkredi 21 Out - Konvokasyon

Lendi 26 Out - Premye Jou Ane Lekòl 2024-25

Pwochen Evènman yo

Sware Retounen Lekòl yo

Lendi, 9 Septanm - Jounen Pòt Louvri nan Lekòl Segondè

Mèkredi 11 Septanm - Jounen Pòt Louvri nan Lise

Jedi 12 Septanm - Jounen Pòt Louvri nan Lekòl Elemantè

Tès ak Responsablite

Biwo Egzamen an ap rprepare pou Isoti rezilta tèl leta pou ane 2024 la ansanm ak Endikatè Responsabilizasyon pou Jenerasyon k ap Vini an pou pèfòmans ak kwasans. N ap kontinye konpare tandans reyisit Norwalk la ak rezilta eta a ak lòt gwo vil. Konpetans pwomosyon ki melanje yo, sa vle di elèv ki te avèk nou pandan plizyè ane, ap parèt globalman e ak anpil bezwen. Nou planifye pou n konpare ELA ak pwogrè nan matematik pou chak klas lè nou sèvi ak inite pou mezire CSDE a, pousantaj mwayèn ki atenn an fonksyon de objektif la. Lidè lekòl elemantè yo te resevwa rezilta SBAC ELA detaye ak sougwoup matematik pou chak klas. Yo itilize rezilta sa yo pou devlope objektif pou Plan Amelyorasyon Lekòl yo pou ane 2024-25. CSDE mande pou distri yo pa pataje okenn rezilta evalyasyon eta bay piblik la jiskaske CSDE pibliye yo nan fen Out.

Rechèch ak Analiz

Sesyon tounaj videyo pòtrè yon gradye a te fèt an kolaborasyon ak depatman komunikasyon nan Jefferson Elementary, Akademi STEAM Ponus Ridge, epi Brien McMahon High School.

Y ap kontakte direktè yo pou pèmèt staf esansyèl nan lekòl yo jwenn lisans sa gen ladann fòmètè, dwayen lekòl, ak lòt pati ki enplike ki ta ka benefisye de aksè a. Koneksyon sou tablo afichaj Depo RISE la ansanm ak referansyèl done tèl yo ap rekonfigire tank done yo ap transfere nan nouvo ane eskolè a.

Syans Imanitè

Semèn sa a, depatman Imanitè a te kontinye travay sou nouvo etid sosyal yo mande pou klas K-8. Nou te resevwa tou 17 pwofesè pou yon eksperyans aprantisaj pwofesyonèl konsènan Sik Ekriti a ak lòt estrateji ekriti pou angaje elèv yo. Pwofesè yo te jwe wòl elèv epi travay pou kreye pwòp istwa pa yo. Yo te kite ak nouvo estrateji ak zouti pou yo itilize nan saklklas yo.



Semèn pwochèn, n ap resevwa 3 Opòtinite Aprantisaj Pwofesyonèl pou pwofesè ki nan distri a.

Etidyan k ap aprann plizyè lang

Depatman Aprantisaj Plizyè Lang nan fyè pou l anonse 39 Moun k ap aprann plizyè lang ki te konplete egzijans gradyasyon yo pandan Akademi Ete a e yo te gradye Mèkredi 31 Jiyè. Elèv sa yo te patisipe nan sesyon enfòmasyon konsènan plan aprè yo fin lekòl, sa gen ladann yon vizit Kolèj Kominotè Norwalk ak Ofisye Resous Lekòl Norwalk konsènan pwogram Kadè a.

Depatman Aprantisaj Plizyè Lang nan ap kondui yon Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl Doub Lang ki santre sou planifikasyon kourikoulòm Langaj Atistik ann Espanyòl pou klas elemantè epi fè l koresponn ak Langaj Atistik ann Anglè. Pwogram Doub Lang nou an nan Norwalk fè pwomosyon pou doub alfabetizasyon ann Anglè ak Espanyòl.

Konsèy/Sèvis Sipò

Gid pou Evalyasyon Risk ak Entèvansyon NPS la ap fè mizajou pou kounye a, e Done Reyinyon Konseye Eskolè yo nan revizyon. NPS te soumèt yon pwopozisyon pou prezante travay Evalyasyon SHAPE nou an nan Konferans Pèfòmans Eta CT Konte. Travay la kontinye sou Leson Oryantasyon Devlopmanantal pou Klas Nivo 7 nan konsèy eskolè sou Aprantisaj Sosyal-Emosyonèl, paske pwogram komite konseye eskolè nou yo ekri a ap rezime nan leson yo nan saklklas. An patenarya ak Rezo RISE, Klinik FAFSA yo ap òganize ete sa a nan lekòl segondè nou yo pou Klas 2024 la ak fanmi yo.



Ekip Prezans lan te reyini pou revize resous itil ak sipò pou fanmi yo ak anplwaye yo e pou kounye a y ap tann kòmantè lidèchip la. Mwen kontinye rankontre ak kolèj ak inivèsite zòn nan pou elaji ak devlope Pwogram Pratik ak Estaj Konseye Lekòl nou an pou sipòte Ekip Konseye Lekòl Jadendanfan-12yèm nou a.

Devlopman Mendèv

Gid Devlopman Mendèv la ap sibi mizajou pou kounye a, epitou tout opòtinite sou sit entènèt Devlopman Mendèv nou an. Travay la kontinye sou Leson Oryantasyon Devlopman pou Klas Nivo 2 nan Konseye Lekòl sou Devlopman Mendèv pandan pwogram komite konseye eskolè nou yo ekri a ap rezime nan leson yo nan salklas. Pwogram Staj la ap agrandi epi ap eseye mete plis Plan Karyè pou ane lekòl k ap vini an. Y ap devlope yon sistèm pou PowerSchool pou note Pakou Pwofesyonèl elèv tèminyal yo chwazi.

Pou tout Opòtinite Devlopman Mendèv NPS yo ak plis ankò, vizite www.norwalkps.org/careertraining. Tanpri asire ou make sit entènèt la ak tcheke regilyèman pou nouvo opòtinite enteresan!

DEVLOPMAN LIDÈCHIP

Nouvo Fòmasyon Evalyasyon Lidè ak Edikatè

Tout administratè distri ak lekòl yo te patisipe nan yon oryantasyon de jou pou konprann nouvo evalyasyon ak plan sipò pou lidè ak edikatè yo. Premye jou oryantasyon an te fèt 10 Jiyè e yo te refè l 24 Jiyè. Dezyèm jou oryantasyon an te fèt 31 Jiyè e y ap refè l nan dat 14 Out. Premye pati oryantasyon an te konsantre sou (1) konprann vizyon pou nouvo evalyasyon ak plan sipò yo ak fason yo aliyen ak priyorite estratejik NPS yo, (2) devlope yon konpreyansyon pataje sou [Estanda Pwofesyonèl pou Lidè Edikasyon yo](#), ak (3) konprann pwosesis ak eleman nan nouvo evalyasyon ak plan sipò pou lidè yo. Dezyèm pati oryantasyon an te konsantre sou fikse objektif ak divès eleman nan plan evalyasyon edikatè a.

Plan Amelyorasyon Lekòl yo

Lidè eskolè yo te gen chans pou patisipe nan Atelye Plan Amelyorasyon Lekòl yo (SIP) nan dat 25 Jiyè ak 30 Jiyè pou resevwa sipò pou poze baz Plan Amelyorasyon Lekòl yo a. Premye bouyon pou plan sa yo te soumèt bay Ekip Devlopman Lidèchip la e y ap revize yo. Semèn pwochèn, lidè eskolè yo ap rankontre ak manm ekip Devlopman Lidèchip la pou yo resevwa kòmantè pèsonalize sou plan yo a e y ap resevwa sipò ak enplemantasyon an.

BIZNIS AK OPERASYON

Sèvis Manje

Katalòg Chartwells Catering nan ak fòmilè kòmand lan disponib sou [sit entènèt nou an](#)

Pwogram manje ete a se te yon reyisit.

Nou te kontakte fèmye lokal yo pou n pataje pwodui ki fè nan tè pa nou ak apranti nou yo. Tanpri rejwenn nou pou aprann konsènan plantè lokal nou yo epi fèmen pwogram manje ete a ak kèk bouche nourisan ki amizan. [Prezantasyon Plonje nan Ete a](#)

Etablisman

Kendall & Rowayton - Pwojè pou yo refè tout espas pakin nan ak ozalantou yo te pran reta akòz move tan e l ap fèt pandan semèn 12 Out la epi l ap konplete anvan Konvokasyon an.

Rowayton & Brookside - Jesyon Vaz yo sanse fini ak atè a yo refè nan kafeterya a nan Rowayton epi yo konvèti salklas C-9 la nan Brookside fè l tounen yon salklas Montessori. Pwojè sa yo ap konplete a 100% rive 16 Out.

Tout lekòl - Netwayaj afon ete a ap fè wout li, e tout lekòl yo ap gentan fini a tan.

Transpò

Patnè nou yo nan Durham okipe ap mete bis yo pare pou lekòl la ka kòmanse. Mentnans pou prevansyon, netwayaj afon anndan bis la ak deyò a te deja kòmanse e l ap kontinye rive semèn pwochèn.

Preparasyon Bis

Preparasyon Bis

Y ap revize orè wout bis yo pandan n ap prepare pou elèv nou yo retounen nan kèk semèn. Nou konplete wout lekòl Magnet, Ki Pa Piblik, Vo-Tech ak Pawasyal nou yo. Anplis de sa, wout lekòl segondè nou yo gen bis ki ajoute pou sipòte pwogram chwa lekòl segondè yo. Yo prevwa bibliye wout yo sou sit entènèt Lekòl Piblik Norwalk la semèn k ap fini 16 Out la.

Semèn anvan lekòl la kòmanse n ap bay bis pou oryantasyon lekòl segondè nou yo nan Nathan Hale, Ponus STEAM, Roton ak West Rocks. Durham fè patenarya tou ak Lekòl Piblik Norwalk la pou bay sèvis abònman pou anplwaye ki pral nan Konvokasyon an nan dat 21 out.

Sèvis Sante

Dosye Evalyasyon Sante yo ak egzamen espòtif yo ap kontinye fèt toutpandan ete a. Tout elèv k ap antre nan klas nivo 7yèm rive 10yèm ane, e sa k ap jwe nan ekip espòtif yo, bezwen egzamen ki gen mizajou. Pa fè reta! Ou ka voye sa yo nan SHS@norwalkps.org.

Nan dat 7 Out, Sèvis Sante Lekòl yo te rankontre ak Jesyonè Risk Norwalk la pou revize epi fè mizajou nan plan ekspozisyon ak maladi OSHA a. Enfimyè nan lekòl yo pwograme fòmasyon anplwaye sou Ajan Patojèn ki ka transmèt nan san OSHA a.

Sèvis Sante Lekòl yo ap travay ansanm ak "In A Heartbeat" pou detèmine yon dat depistaj ann Otòn nan Brien McMahon High School. In a Heartbeat se yon òganizasyon k ap travay pou idantifye elèv ki gen risk pou kè yo rete bridsoukou. Klike [la a](#) pou plis enfòmasyon konsènan òganizasyon sa a.

Inite medikal mobil Sant Sante Kominotè Norwalk la ap nan Kendall College ak Akademi Karyè nan dat 26 ak 27 Out pou fè pwomosyon pou sèvis sant sante baze nan lekòl yo a k ap etabli nan KCCA ane sa a.

Sibvansyon

Ekip sibvansyon an ap travay ak anpil dilijans pou jwenn opòtinite pou sibvansyon pou sipòte lekòl yo pandan ane eskolè 24-25 lan. Nou kontan fè nou konnen nou te resevwa yon sibvansyon \$30,000 pou bay sipò FAFSA pandan ete a pou elèv ak fanmi. Sa gen ladann elèv ki pral nan dènye ane ansanm ak sa ki fèk gradye ki poko ranpli fòmilè pou èd finansye a. Anplis de sa, nou te jwenn yon sibvansyon \$400,000 pou sipòte patenarya SEL nou an ak Mid Fairfield, Direksyon Pozitiv, ak Sant Kominotè Triyang. Nou te jwenn tou yon sibvansyon \$25,000 pou fè pwomosyon pou pwogram staj lekòl segondè nou an atravè Defi Karyè Z. Nou espere n ap anonse nouvo sibvansyon nou resevwa nan semèn k ap vini yo.

APRANTISAJ NIMERIK AK TEKNOLOJI

Lojisyèl Antrepriz/Done

Platfòm Aprantisaj Anliy Edgenuity a ap finalize ak kou ki espesifik ki aliye ak Pwogram Etid Lekòl Segondè a e l ap pare pou kòmansman nouvo ane lekòl la. Ekip nou an konsantre sou reyinyon ak nouvo anplwaye pou asire kont sa yo gentan aktive anvan dat Oryantasyon Nouvo Pwofesè a.

Enfrastrikti/Operasyon

Ekip la kontinye prepare materyèl elèv yo nan tout lekòl elemantè yo pou kòmansman ane lekòl la, e gen kat lekòl ki deja fini. Nouvo Pwoteksyon Pwochen Jenerasyon nou an (NGFW) deja an fonksyon, ak tranzisyon an k ap fèt san gwo pwobèm. Kontwòl ap fèt. N ap enstale tou yon nouvo lojisyèl fòmasyon ak mesaj malveyan, ak objektif pou nou deplwaye l rive fen Septanm.

Aprantisaj Nimerik

Plan Deplwaman Pwomès Nimerik yo ap mache. Materyèl yo ap rive semèn pwochen, ak premye deplwaman an ki pwograme nan Roton ak Brien McMahon nan dat 20 Out. Gen lòt lekòl k ap kòmans deplwaman yo nan semèn ki annapre a.

FINANS

Preparasyon Odit ak Fèmti Ane Fiskal 2024

Nou kontan anonse ke pandan de semèn ki sot pase yo, Ekip Finans lan, Pewòl ak Benefis, Bidjè, Acha/Kont Peyab ak ekip Sibvansyon yo t ap travay anpil pou fèmen ane fiskal 2024 la. Devouman yo ak efò yo fè nan ti detay yo te yon eleman esansyèl nan preparasyon pou odit anyèl la k ap vini ak rapò finansye. Pandan peryòd sa a, Ekip Finans NPS la te kolabore yon fason ki pwòch ak Ekip Finans Vil la.

Pwosesis sa a kritik pou asire presizyon ak transparans operasyon finansye nou yo. Nou rekonesan ak tout moun ki te enplike ak travay di yo fè ak angajman yo pou kenbe estanda wo nivo nan pratik finansye nou yo.

Tank n ap avanse nan nouvo ane fiskal la, ekip la ap kontinye konsantre sou kenbe valè nou yo ki se entegrite ak responsabilite nan tout jesyon finansyenou yo.